



Kanabis nan NYC: Efè sou Lasante

Li legal pou granmoun yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York (New York State, NYS).




3 ons **24 g**

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa genyen ak bay (men pa vann) jiska 3 ons flè oswa boujon kanabis, oswa jiska 24 gram kanabis konsantre tankou luil oswa sigarèt elektwonik.



Zòn pou Fimen

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis ladan nan pifò kote yo otorize moun fimen tabak.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou jwenn enfòmasyon sou chanjman yo, ale sou cannabis.ny.gov/medical-cannabis.



Se nan dispansè ki gen pèmi NYS sèlman yo gen dwa vann kanabis. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte kanabis, sa gen ladan adrès dispansè yo, ale sou cannabis.ny.gov/adult-use.

Rechèch ki fèt sou ki konsekans kanabis la genyen sou sante w limite poutèt gen politik ki mete restriksyon sou dwòg yo. Yo te wè kanabis la ede pou kèk pwoblèm medikal, tankou pou doulè kwonik lakay granmoun; kè plen ki rive akòz chimyoterapi; ak sèten sentòm espesifik esklewoz an plak (multiple sclerosis, MS). Nou toujou ap chèche konnen plis sou efè kanabis la kapab genyen sou yon peryòd ki long.¹ Nou konnen:

Ou ka genyen move reyaksyon ki rive touswit lè ou fin pran kanabis la. Sa ka rive si ou pran yon fòm, yon kantite oswa yon konsantrasyon kanabis ou pa abitye pran, oswa si ou pran plizyè dòz sou yon peryòd tan kout. Men kèk nan reyaksyon ou ka genyen yo:

- Anksyete
- Kè ki ap bat vit
- Kè plen ak vomisman
- Reyaksyon ki fèt pi dousman ak pèsesyon ki bwouye
- Pwoblèm respirasyon

Etid yo montre konsomasyon kanabis la gen sèten risk pou sante a, tankou:

- Pi gwo risk pou fè aksidan machin lè w ap kondui pandan sans ou febli
- Reyaksyon foli ki parèt pi bonè lakay moun ki deja gen risk yo, sitou moun ki kòmanse konsome kanabis la bonè oswa ki konsome li souvan
- Sentòm respiratwa ak sentòm tous ki rive pi souvan, sitou lè w fimen kanabis la oswa fimen sigarèt elektwonik ki gen kanabis ladan
- Donmaj nan poumon poutèt itilizasyon sigarèt elektwonik

Lè w konsome kanabis pandan ou ansent oswa pandan ou ap bay tete sa kapab pa bon pou devlopman pitit ou a. Ou kapab transmèt pwodui chimik ki gen nan kanabis la bay ti bebe w la epi yo kapab gen efè negatif sou li.

- Pami move efè ki posib yo gen yon pwa ki fèb lè li fèt, yon deranjman nan devlopman sèvo li, ak difikilte nan konpòtman oswa nan atansyon pi devan nan anfans li. Nou poko konnen lòt risk ki genyen lè ou konsome kanabis la pandan ou ansent oswa pandan ou ap bay tete.
- Pwofesyonèl medikal yo rekòmande pou yon moun pa konsome kanabis pandan li ansent oswa pandan li ap bay tete.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health/cannabis.

¹National Academies of Sciences, Engineering, and Medicine. The health effects of cannabis and cannabinoids: the current state of evidence and recommendations for research (Efè kanabis ak kanabiyoyid yo genyen sou sante a: eta prèv yo aktyèlman ak rekòmandasyon pou rechèch). Janvyè 2017. Konsilte nan dat 23 me 2022. https://nap.nationalacademies.org/resource/24625/Cannabis_report_highlights.pdf